e. Hozana zvinoreva “tiponesei.” Doma idzo nguva Jesu “akakuponesa” muupenyu hwako hwezuva nezuva? Ko akakuponesa sei paupenyu husingaperi?

3. Mambo Dhavhidhi ndomumwe wemadzimambo eTestamente yeKare akanga akakurumbira chose. Verenga mashoko erumbidzo aanonyora pamusoro paMambo Jesu. Ko umambo hwaJesu uri kupi? ~ *Dhavhidhi akati: “Imi mukudzwe, Jehova, Mwari waIsraeri baba vedu nokusingaperi. 11 Vukuru ndohwenyu, Jehova, nesimba, nokubwinya, nokukunda, novumambo; nokuti zvose zviri kudenga nezviri pasi ndezvenyu; vushe ndohwenyu, Jehova, makakudzwa muri musoro wezvose. 1 Makoronike 29: 10b-11*

a. Mashoko api erumbidzo Dhavhidhi aanoshandisa pamusoro paJesu?

b. Kana Mwari anesimba rakadai, uye anerudo rukuru nesu pakutuma Mwanakomana wake mumwe woga kuzotiponesa, isu takafanira kuitei? ~ *Namatai kuna Jehova mune nguvo tsvene. 30 Dederai pamberi pake, nyika yose. Nyika vo yakasimbiswa kuti irege kuzununguswa. 31 Kudenga-denga ngakufare, napasi ngapafarisise; pakati pendudzi ngavati: Jehova unobata vushe.*
1 Chronicles 16:29-31

Svondo remichindwe

Zakariya 9:9-10

Mambo wako arikuuya
9 Fara kwazvo iwe mukunda weZioni;
pururudza iwe mukunda weJerusarema;
tarira, mambo wako anouya kwauri;
ndiye wakarurama, ndiye unokunda;
unozvininipisa, akatasva mbongoro, iyo
mhuru mwana we mbongoro.

10 Ndichaparadza ngoro pakati paEfraimi,
namabhiza pa Jerusarema; vuta vokurwa
vuchaparadzwa; uchataurira nhudzi
dzavanhu rugare; ushe hwake huchabva
pagungwab kusvikira pagungwa, nokubva
kuRwizi Kusvikira kumigumo yenyika.

Hosanna, Loud Hosanna
Jeanette Threlfall

Hosanna, loud hosanna,
The little children sang;
Through pillared court and temple,
The lovely anthem rang.
To Jesus, who had blessed them,
Close folded to His breast,
The children sang their praises,
The simplest and the best.

Wakaropafadzwa Uyo unouya nemuzita raShe.
Mapisarema 118:26

Mateo 21:1-11
Jesu anogamuchirwa muJerusarema

1 Vakati voswedera kuJerusarema uye vasvika muBhetifage pagomo
reMiorivhi, Jesu akatuma vadzidzi vaviri, 2 achiti kwavari, “Endai
kumusha wamakatarisana nawo uye imomo muchaona mbongoro
yakasungirirwa pamwe chete nomwana wayo. Mudzisunungure
muuye nadzo kwandiri. 3 Kana pano munhu anotaura chinhu
kwamuri, mumuudze kuti, Ishe anodzida uye achadzidzosa
nokukurumidza.”

4 Izvi zvakaitika kuti zvizadzise zvakataurwa kubudikidza nomuprofita
achiti:

5 “Muti kuMwanasikana weZioni, ‘Tarira, Mambo wako anouya
kwauri, ari munyoro, akatasva mbongoro, ari pamusoro pomwana
wembongoro.’”

6 Vadzidzi vakaenda vakandoita sezvavakanga varayirwa naJesu.
7 Vakauya nembongoro nomwana wayo, vakaisa nguo dzavo
pamusoro padzo, uye Jesu akagara pamusoro padzo. 9 Vazhinji
vakanga vakatungamira mberi navaya vakanga vachitevera
vakadanidzira vachiti:

“Hosana kuMwanakomana waDhavhidhi!”
“Akaropafadzwa uyo anouya muzita raIshe!”
“Hosana kumusoro-soro!”

10 Jesu akati apinda muJerusarema, guta rose rakazungunuswa,
vakabvunza vachiti, “Ndianiko uyu?”
11 Vazhinji vakati, “Uyu ndiye Jesu, muprofita anobva kuNazareta
kuGarirea.”

(Verengawo: Mako 11:1-10, Ruka 19:28-38, Johani 12:12-15)

Tarira Mambo wako ari kuuya

Vhiki risati rasvika rokufa nokumuka kwake kuvakafa, Jesu
akapinda muJerusarema. Panguva iyi vavana veIsraeri vakanga
vachinyengeterera mambo wepano panyika. Uyu mambo angadai
akapinda muguta akatasva bhiza uye kuchiridzwa hwamanda. Asi
Jesu anouya nokuzvininipisa, akatasva mbongoro. Akanga achizivisa
nyika kuti ndiye Mambo weMadzimambo.

1. Pazuva ratinodaidza kuti Svondo yeMuchindwe, ko Jesu
akazadzisa sei chiprofita chaZekaria? ~ *“...tarira, mambo wako
unouya kwauri; ndiye wakarurama, ndiye unokunda; unozvininipisa,
akatasva mbongoro, iyo mhuru mwana wembomngoro. Zekaria 9:9*
a. Ko Jesu anodaidzwa kuti chii mundima iyi?
b. Ko munyori anpoa tsananguroyi pamusoro paJesu?

2. Funga nezvaJesu saMambo we pasi pose. Chifungawo
nezvematambudziko ako. Unofunga kuti Jesu anesimba
rokukutakurira mutoro wako here? ~ *Naizvozvo, zvatino muprista
mukuru kwazvo, akapinda napakati pamatenga, Jesu Mwanakomana
waMwari, ngatibatisisei kutenda kwatinopupura. 15 Nokuti hatina
muprista mukuru asingagoni kutinzwira tsitsi pautera hwedu, asi tinaye
akaedzwa pazvinhu zvose, sesu, asi asina chivi. 16 Ngatiswederei
tisingatyi pachigaro choushe chenyasha, kuitira kuti tigogamuchira
ngoni uye tigowana nyasha, tibatsirwe panguva yokushayiwa. Vahebheru
4:14-16*
a. Ko Jesu anodaidzwa kuti chii mundima iyi?
b. Ko tinoziva sei kuti Jesu anonzwisisa matambudziko edu?
c. Ko tingaswedera sei kuchigaro chenyasha? *(Tinogona
kunyengetera nokuverenga Bhaibheri)*
d. Chii chinonzi nyasha? *(Kuitirwa zvakanaka izvo zvatisingakodzeri)*